

Zvaungaita Kana Wakanganisa

Pepa rino richakubatsira kunyatsoona (1) zvawagara uchiita kana wakanganisa uye (2) zvakanaka zvaungaita mune remangwana kana wakanganisa.

Unofungei?

1

Nei vamwe vana vasingabudi pachena kana vachinge vakanganisa?

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

MUENZANISO: “Nechomumwoyo ndinonyatsoziva kuti ndakanganisa, asi zvakandiomera kuti ndibvume pamberi pemumwe munhu. Handidi kuti vanhu vaone kukanganisa kwangu.”—Melinda.



2

Vanhu vangapedzisira vava kukuona sei kana ukagara uchivharavhara zvaunenge wakanganisa?

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

MUENZANISO: “Kana ukakanganisa, woedza kuvharavhara, vanhu havawanzokuoni zvakanaka. Kana ukakanganisa vanogona kuzvinzwisisa asi ukava munyengeri munoburana.”—Christine.

3

Vanhu vangakuona sei kana uchikurumidza kubuda pachena paunenge wakanganisa?

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....


MUENZANISO: “Ndinoyeuka dzimwe nguva pandaikurumidza kubvuma zvandaiva ndakanganisa, vanhu vaiwedzera kundiremekedza panzvimbo pekunditarisira pasi.”—Richard.

Uri iwe waizoita sei?




Unokumbira bhasikoro rababa vako asi wobva wariuraya.

- Hapana zvaunotaura—uchiti dai vakasazviona.
- Unotaurira baba vako zvanyatsoitika.
- Unovaudza zvaitika, asi uchipomera mumwe munhu.



Paunenge uchitamba bhora, bhora racho rinonotema hwindo remuvakidzani.

- Unotiza.
- Unoudza muvakidzani wacho zvanyatsoitika uye unomuudza kuti uchabhadhara hwindo racho.
- Unoramba kuti ndiwe watema hwindo racho.



Wafoira test nekuti hauna kuverenga.

- Unoti test yacho yanga yakaoma.
- Unobvuma kuti une zvausina kuita zvaita kuti ufoire.
- Unoti mudzidzisi akakumaka.

Iye zvino chitarisa zvakare zvinhu zvitatu zviripamusoro apa, wozvifungidzira uri (1) baba vako, (2) muvakidzani wako, uye (3) mudzidzisi wako.

Baba vako, muvakidzani wako, uye mudzidzisi wako vaizoti kudii dai waizokurumidza kubvuma zvaunenge wakanganisa?

.....

.....

.....

.....

.....

Vaizoti kudii dai waizopomera mumwe munhu kana kuti kuedza kuvharavhara zvawakanganisa?

.....

.....

.....

.....

.....

Funga nezvekukanganisa kwawakaita mugore rapfuura.

Chii chawakakanganisa?

.....
.....
.....

Chii chawakazoita?

- Ndakavharavhara.
- Ndine wandakapomera.
- Ndakabva ndangotaura zvaitika.

Wakanzwa sei *pausina* kutaura zvaitika?

- Ndakafara kuti handina kubatwa!
- Ndiine mhosva ndichiti dai ndangotaura.

Ndezvipi zvakanaka zvawaigona kunge wakaita?

.....
.....
.....
.....
.....

Wakadzidzei pakukanganisa kwako?

.....
.....
.....
.....
.....

Mumwedzi 12 iri kuuya, unoda kuzoitai kugadzirisa zvaunenge wakanganisa?

.....
.....
.....
.....
.....



Verenga zvimwe nezvenyaya iyi.

Kana uchida kutsvakurudza zvimwe, verenga uenzanise zvakaitwa naDhavidhi pana 2 Samueri 12:1-13 nezvakaitwa naSauro pana 1 Samueri 15:10-26. Dhavidhi akareurura chivi chake asi Sauro akarerutsa chake.

Uyewo funga izvi: Vose vari vaviri Dhavidhi naSauro havana *kukurumidza* kubvuma mhosva dzavo, asi vakazobvuma *pava paya*. Unofunga kuti nei Jehovha akaregerera Dhavidhi asi asina kuregerera Sauro?